दिन–सोमवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–16.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेशक पांच राज्यसभा सीट लेल भोट खसओल गेल। विधानसभा परिसर मे बनल मतदान केन्द्र पर विधायक सभ भोट खसौलनि अखन भोट गानल जा रहल अछि। देर राति धरि नतीजाक घोषणा कयल जा सकैत अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे एनडीएक सभ दू सय दू विधायक सभ भोट खसौलनि। जखनकि विपक्षक चारि विधायक सभ मतदान मे भाग नहि लेलनि। एहि के देखैत पांचम सीटक चुनावक नतीजा बेसी रोचक भऽ गेल अछि। विधानसभा मे सदस्यक संख्याक अनुसार हरेक सीट पर जीत लेल इकतालीस विधायक सभ भोट चाहि। विधानसभा मे संख्या बल के देखैत चारि सीट पर एनडीएक जीत तय मानल जा रहल अछि। ओतहि, पांचम सीट लेल मोकाबिला बेसी रोचक अछि। एम्हर, राजद प्रत्याशी के असदुद्दीन ओवैसीक पार्टी, ए.आई.एम.आई.एमक समर्थन भेट गेला सँ चुनाव रोचक भऽ गेल अछि। एनडीए दिस सँ जदयू अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीन, राष्ट्रीय लोक मोर्चा अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा, भाजपाक प्रदेश महामंत्री शिवेश कुमार आओर जदयू नेता आओर केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर छथि। ओतहि, राजदक निवर्तमान सांसद अमरेन्द्रधारी सिंह ठाढ़ छथि।

---

पेट्रोलियम आओर प्राकृतिक गैस मंत्रालय जनौलक अछि जे देशभरि मे एलपीजी वितरक लऽग गैसक कोनो कमि नहि अछि। मंत्रालय जनौलक जे एलपीजी बुकिंग कम भेल अछि। काल्हि सतहत्तरि लाख बुकिंग भेल छल, जखनकि ई मासक तेरह तारीख कऽ करीब अट्ठासी लाख बुकिंग कयल गेल छल। वाणिज्यिक एलपीजी सिलेंडर सेहो प्राथमिकताक आधार पर बंटवाक लेल राज्यसरकार के सौंपल गेल अछि आओर आब उपभोक्ता सभ के देल जायत। मंत्रालय जनौलक जे सदिखन पेट्रोल आओर डीजलक आपूर्ति सेहो भऽ रहल अछि। मंत्रालय लोक सभ सँ हड़बड़ी मे नहि किनबाक लेल जनौलक अछि।

---

राज्यसभा मे सदनक नेता जे.पी नड्डा देश मे एलपीजी संकट के लऽकऽ कांग्रेस पार्टी पर राजनीति करबाक आरोप लगौलनि अछि। ओ जनौलनि जे ई संकट मे भारतक कोनो भूमिका नहि अछि। श्री नड्डा आरोप लगौलनि जे कांग्रेस आ विपक्ष संकटकाल मे राजनीति करबाक कोनो मौका नहि छोड़ैत अछि। ओ सदन के जनौलनि जे अखन भेल अंतर्राष्ट्रीय स्थितिक कारण संकट बनल अछि। श्री नड्डा जनौलनि जे एहि संकट पर सरकार चर्चा कयलक अछि आओर स्थिति के निक सँ जनौलक अछि। तइओ विपक्ष जानिबुझि कऽ भ्रम पसरबाक लेल यतन कऽ रहल अछि। एहि सँ पहिने शून्य कालक बिच विपक्षक नेता मल्लिकार्जुन खड़गे सदन मे एलपीजीक मुद्दा उठौलनि आओर सरकार पर संकट सँ निपटबाक लेल जरूरी डेग नहि उठेबाक आरोप लगौलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना समाहरणालय भवन जा कऽ देखलनि। श्री कुमार ओतहि चलि रहल काज के समय पर पूरा करबाक लेल जनौलनि। मुख्यमंत्री कलेक्टेरियट घाट सँ सभ्यता द्वार धरि बनयवला सड़कक काज सेहो देखलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि समृद्धि यात्राक चारिम चरण शुरू करताह। एहि मे मुख्यमंत्री सत्रह मार्च कऽ भागलपुर आ बांका जिला मे कतेको विकास योजनाक लोकार्पण आओर शिलान्यास करताह। श्री कुमार अठारह मार्च कऽ जमुई आओर नवादा जखनकि उनैस कऽ मुंगेर आओर लखीसराय जिलाक दौरा करताह। मुख्यमंत्री श्री कुमार ई चरण अंतिम दिन बीस मार्च कऽ गयाजी आओर औरंगाबाद जिलाक यात्रा करताह।

———————————————————————————

जम्मू–कश्मीरक कारगील मे ड्यूटिक दरमियान पश्चिम चंपारण जिलाक शहीद अग्निवीर जवान मनीष कुमारक अंतिम संस्कार आइ पूरा राजकीय सम्मानक संग कयल गेल। एहि सँ पहिने शहीद जवानक पार्थिव शरीर हुनक गाम योगापट्टी प्रखंडक नवलपुर अयला पर उमड़ल भीड़ सभ वंदे मारतम् आओर भारत माता की जय नारा लगौलनि।

———————————————————————————

मौसम विभाग जनौलक अछि जे हवा मे नमि बढ़व आओर स्थानिय कारण सँ अगिला सात दिन धरि प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे तेज हवाक संग बरखा भऽ सकैत अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच सीतामढ़ी, मधुबनी, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण सहित राज्यक उत्तर–मध्य आओर उत्तर–पश्चिमी भाग मे कतेको ठाम पाथर आओर ठनका खसि सकैत अछि। एहि के लऽकऽ मौसम विभाग औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला तीन दिनक बिच राज्यक बेसी भाग मे तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कमि सकैत अछि।

---

लोकजनशक्ति पार्टी रामविलासक पटनाक कार्यालय मे आइ दावत–ए–इफ्तारक आयोजन कयल गेल। एहि मे कतेको दलक पैघ–पैघ नेता सभ छलाह।

शिवहर पुलिस ऑपरेशन मुस्कान मे चोरी आओर हेरायल मोबाईल फोन बरामद कऽ हुनक असली मालिक के लौटा देलक अछि। पुलिस अधीक्षक शुभांक मिश्रा उनचास लोक सभ के हुनक मोबाईल फोन सौंपलनि।

मधुबनी जिलाक फुलपड़ास थाना क्षेत्र सँ पुलिस आर्म्स एक्ट मामिला मे फरार चलि रहल तीन आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त